

# Mesaj Pwogram Batay Kont Moustik



## Premye Semèn: Responsabilite Pèsonèl


Batay kont moustik yo enpòtan anpil pou pwoteje kominote ou. Swiv nou (Non òganizayon an) pou aprann plis sou batay kont moustik e sa ou dwe fè pou fè prevansyon ak pwoteksyon




Ou kapab jwe wòl pa w nan anpeche maladi moustik bay yo pwopaje lè ou elimine ma dlo bò lakay ou. Aprann plis sou kijan ou kapab fè pwoteksyon ak prevansyon sou <http://ow.ly/I7Kh30kolaF>



Ann fè konesans ak doktè Diaz! Li bay swen sante e li fè konnen nou kapab anpeche moustik pike nou si nou itilize pwodwi anti moustik US-EPA ak Ministè Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florid apwouve. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://ow.ly/2fvR30kolcl>



Ann fè konesans ak Brad, li se operatè nan pwogram batay kont moustik la. Li konnen byen kòman ou kapab pwoteje tèt ou ak fanmi pou moustik pa pike ou lè ou itilize pwodwi anti moustik, chemiz manch long ak pantalon long. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://ow.ly/8P1M30kolfb>



# Mesaj Pwogram Batay Kont Moustik



Èske w te konnen sèlman yon bouchon boutèy dlo pandan 5 jou sifi pou fè moustik devlope? Elimine ma dlo pou anpeche moustik devlope nan kominote ou an. Aprann plis sou kijan pou fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/HPMJ30kolgk>



Èske w te konnen sèlman yon bouchon boutèy dlo pandan 5 jou sifi pou fè moustik devlope?

UFIFAS  Center for Public Issues Education

Èske moustik kapab viv deyò epi pike moun lajounen tankou lannwit? Ou kapab pwoteje fanmi w lè ou mete twil nan fenèt yo, itilize klimatizè epi mete rad anti moustik US-EPA ak Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florida apwouve. Vizite <http://ow.ly/blj30kolhr>

ÈSKE  
OU  
KONNEN?  
•••



UFIFAS  Center for Public Issues Education

Chak moun gen yon wòl pou jwe nan pwoteje kominote nou. Fè pati pa w la nan fè prevansyon kont moustik pandan w ap elimine ma dlo kote moustik kap pa devlope. Aprann plis sou kijan ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/od4j30koljG>



Fè travay pa w la pou pwoteje tèt ou e pwoteje fanmi w kont maladi moustik pote pandan wap elimine tout ma dlo pou anpeche popilasyon moustik yo devlope.

UFIFAS  Center for Public Issues Education

# Mesaj Pwogram Batay Kont Moustik



## Dezyèm Semèn: Maladi Moustik Pote

Èske ou konnen gen anpil risk pou zannimo domestik yo trape maladi moustik pote yo? Pwoteje chen ak chat yo kont maladi vè nan kè. Aprann plis sou prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/Rn5V30kolkH>

**PWOTEJE CHEN  
OU YO AK  
CHAT OU DE  
FILARYÒZ**

UF IFAS Center for Public Issues Education

Èske ou konnen gen anpil risk pou betay yo devlope maladi moustik pote yo? Pwoteje betay yo kont maladi moustik pote, malenk ak emoraji. Aprann plis bagay sou kòman ou ka fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/SomI30kolID>

**Pwoteje bèt  
kont maladi ke  
moustik bay,  
iritasyon ak  
emoraji.**

UF IFAS Center for Public Issues Education

Kilès pami maladi sa yo se maladi moustik pote? Aprann plis sou kòman pou fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/wmyH30kolmy>

**ÈSKE W KONNEN KILÈS NAN  
LIS SA KI SE YON MALADI  
MOUSTIK BAY?**

A. LAFYÈV JÒN  
B. LAFYÈV DENG  
C. ZIKA  
D. TOUT REPONS KI ANWO A YO KÒRÈK

UF IFAS Center for Public Issues Education

Lafyèv jòn, lafyèv deng ak Zika se maladi moustik pote. Pwogram batay kont moustik la ap pwoteje pandan l ap anpeche popilasyon moustik devlope. Aprann plis sou kòman pou fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/yOmx30kolpu>

**Lafyèv jòn, Lafyèv deng, Viris Nil Oksidental ak Zika se maladi moustik pote e moustik pwopaje. Pwogram batay kont moustik yo ap pwoteje w pandan yap anpeche kantite moustik yo ogmante.**

UF IFAS Center for Public Issues Education


# Mesaj Pwogram Batay Kont Moustik




Risk pou moun atrape maladi moustik pote yo bese anpil lè popilasyon moustik yo diminye. Pwogram batay kont moustik yo ap pwoteje kominote w la pandan l ap chase popilasyon moustik yo. Aprann plis sou kijan ou ka fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/UVuk30kolqp>



An 1877, 1,146 moun nan yon popilasyon 1.632 abitan nan Jacksonville te tonbe malad ak lafyèv jòn. Jefò pou batay kont moustik yo ap pwoteje kominote ou kont kalte maladi sa yo. Aprann plis sou prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/UVuk30kolqp>



Fanm ansent ki atrape maladi Zika kapab transmèt viris la bay tibebe nan vant li an. Sa kapab lakòz timoun nan malfòm. Pwogram batay kont moustik la ap ede pwoteje tèt ou ak fanmi w nan detwi popilasyon moustik yo. Aprann plis sou kòman fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/OnN330koltp>




# Mesaj Pwogram Batay Kont Moustik



## Twazyèm Semèn: Nwisans Ak Ekonomi


Si pa gen jefò ki fèt pou konbat yo, popilasyon moustik yo kapab grandi. Pwogram batay kont moustik yo ap ede pwoteje w kont moustik ki pote maladi lè w ap fè aktivite deyò kay. Aprann plis sou kòman fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/9H3q30koluJ>



Touris mwens enterese vizite yon zòn kote ki genyen moustik ki pote maladi. Zika te lakòz aktivite touristik yo bese nan Miyami an 2016. Pwogram batay kont moustik yo ap ede w pwoteje ekonomi kominote nou. Aprann plis sou kòman fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/3eOE30kolvC>



Etid yo montre lè popilasyon moustik yo te diminye an 1900, kantite moun ki t ap viv Florida te orgmante. Pwogram batay kont moustik lan jwe yon gwo wòl nan devlopman n ap viv jodi a nan Florida. Aprann plis sou kijan ou ka fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/fIFK30kolwB>



Lè popilasyon moustik yo grandi, sa rann li difisil pou pase tan deyò kay pou travay ak pran plezi. Pwogram batay kont moustik ap anpeche popilasyon moustik yo devlope, konsa n ap kapab pwofite fè aktivite deyò. Aprann plis sou kòman nou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/HdHx30kolyr>




# Mesaj Pou Facebook



Maladi moustik pote yo koute chè. Yo prevwa yo enfeksyon Zika koute plis pase \$50,000 pou trete nan Florida. Pwogram batay kont moustik la ap pwoteje ou kont maladi moustik pote. Aprann plis sou kijan ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/uULk30kvY2f>



Moustik kapab gen move enpak sou elvaj. Yon etid montre moustik lakòz \$61 milyon defisi nan elvaj pandan yon lane. Pwogram batay kont moustik ap ede pwoteje ekonomi Florida. Aprann plis sou kòman fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/i2mE30kolAv>




# Mesaj Pou Facebook



## Katriyèm Semèn: Metòd Aplikasyon


Jesyon entegre moustik yo ap anpeche popilasyon moustik yo grandi pandan n ap edike piblik la, elimine sit kote yo repwodwi e aplike trètman. Aprann kòman pou fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/eW6a30kolBH>




Jesyon entegre moustik yo se yon apwòch pou redwi kantite moustik ki gen pou wè fason moustik yo fòmè. Estrateji IMM nan ap pwoteje anviwònman ak kominote a. Fè prevansyon ak pwoteksyon sou: <http://ow.ly/KmjR30kolCN>



#Èske w konnen pwogram batay kont moustik lan toujou fè ankèt sou zòn kote popilasyon moustik ap kale yon fason pou pwoteje kominote a kont maladi moustik bay? Aprann plis sou kòman ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/KpKZ30kolDS>



Flite pwodwi nan lè ap redwi byen vit e an tout sekirite kantite moustik ki nan yon gwo zòn, lè operasyon sa fèt daprè prensip yo. Pwogram batay kont moustik lan ap ede pwoteje kominote w lan. Aprann plis sou kòman ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/ZD3130kolFc>





# Mesaj Pou Facebook



Flite pwodwi nan lè a se metòd ki preferab la pou aplike ensektisid lè gen moun ki trape maladi moustik pote. Paske li elimine kapasite moustik yo genyen pou yo transmèt maladi. Aprann plis sou kòman ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/ZTc330koIH5>

**Trètman ayeryen se metòd ensektisid syantifik yo plis rekòmande pou moun itilize pou goumen kont epidemi maladi ke moustik pote.**



UF IFAS Center for Public Issues Education



Lè w ap flite pwodwi nan lè a, 2 ti kiyè ensektisid sifi pou aplike nan yon zòn ki gwo yon tèn foutbòl. Pwogram batay kont moustik la ap pwoteje w kont piki moustik ak maladi. Aprann plis sou kòman ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/eAPt30koIIG>

**Lè y'ap flite pwodwi nan lè a, y'ap itilize sèlman 2 ti kiyè poud pwodwi pou detwi moustik pou yon zòn ki gwo yon tèn foutbòl.**



UF IFAS Center for Public Issues Education



Pwogram batay kont moustik la nap detwi ti moustik ki fen kale yo avèk Bti, yo bakteri yo souvan itilize nan domèn agrikilti byolojik. Pwogram batay kont moustik la ap pwoteje kominote w kont maladi moustik pote. Aprann plis sou kòman ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/maPG30koIJG>



**Pwogram batay kont moustik la nap detwi ti moustik ki fen kale yo avèk Bti, yo bakteri yo souvan itilize nan domèn agrikilti byolojik.**

UF IFAS Center for Public Issues Education

Valiz nan do, polaris, aparèy pòtatif, kamyon ak avyon kapab itilize pou flite trètman pou detwi moustik yo. Pwogram batay kont moustik la itilize zouti pou ede anpeche popilasyon moustik devlope. Aprann plis sou kòman ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/oJhW30koLP>

**Valiz nan do, polaris, aparèy pòtatif, kamyon ak avyon kapab itilize pou flite trètman pou detwi moustik yo.**



UF IFAS Center for Public Issues Education






# Mesaj Pou Facebook



Trètman pou detwi moustik yo kapab aplike anvan solèy leve oubyen lè solèy pral kouche, nan moman kote moustik yo plis aktif. Sa ape de pwoteje abèy yo paske se nan moman sa tou y ap gentan retounen nan nich yo. Aprann plis sou kòman ou kapab fè prevansyon ak pwoteksyon sou <http://ow.ly/KgXJ30koILY>



ETID KI FÈT SOU BATAY  
KONT MOUSTIK MONTRE KE  
PWODIKSYON SIWO MYÈL KI FÈT  
NAN NICH MYÈL KI TRETE AK  
NICH SA KI PA TRETE YO PA GEN  
TWÒP DIFERANS NAN KANTITE  
SIWO MYÈL LA.

• • •

UFIFAS  
Center for  
Public Issues Education